

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kabudayaan muncul balukar tina hasil karya manusa. Koentjaraningrat (2009:165) nétélakeun tujuh unsur budaya anu sipatna universal anu salasahijina nyaéta basa. Sudaryat (2004:4) ngébréhkeun pamadeganana ngeunaan basa, yén basa téh salasahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Manusa dina ngedalkeun eusi pikiran sarta eusi haténa boh kabungah atawa kasedih téh ngaliwatan basa. Yén basa téh salilana moal leupas, bakal terus tumarep boh dina individual sorangan boh kelompok.

Basa téh mangrupa hiji pakakas atawa alat pikeun lumangsungna prosés komunikasi antara sasama manusa. Ieu raket patalina jeung salasahiji hakékat basa nyaéta komunikatif. Dina ieu hal ceuk Sudaryat (2004:9), basa téh miboga fungsi utama pikeun alat komunikasi.

Nurutkeun *Websters New Collegiate Dictionary* (1981) dina Chaer (2010:17) nyebutkeun salasahiji wangenan komunikasi “*Communication is a proces by which information is exchange between individuals through a common system, signs, or behaviour*”. Komunikasi téh mangrupa prosés silih tuker informasi antar individual ngaliwatan sistem, simbol, tanda atawa tingkah laku anu umum.

Ari salasahiji komponén dina komunikasi téh nyaéta ayana alat anu digunakeun dina prosés komunikasi. Dumasar kana alat nu digunakeunana, komunikasi téh kabagi kana dua bagian, nyaéta komunikasi verbal anu ngagunakeun basa, boh lisan boh tulisan minangka mediana, sarta komunikasi nonverbal nyaéta komunikasi nu teu maké basa (Chaer:2010). Lolobana para ahli dina bukuna ngabahas ngeunaan komunikasi verbal, dibandingkeun komunikasi nonverbal. Padahal ti saluareun éta, komunikasi nonverbal mangrupa panglengkep pikeun komunikasi verbal.

Dumasar kana pedaran di luhur, écés pisan yén antara basa jeung komunikasi raket pisan patalina. Dina ieu panalungtikan anu baris dipedar nyaéta

leuwih kana tindak komunikasina, boh tindak komunikasi verbal boh tindak komunikasi nonverbal. Tindak komunikasi verbal mangrupa hiji tindakan manusa dina ngalakukeun komunikasi ngaliwatan basa, wujudna mah bisa mangrupa tindak ujar/tutur. Sedengkeun tindak komunikasi nonverbal bisa ogé ngagantikeun posisi komunikasi verbal. Contona pikeun ngedalkeun rasa panuju, ukur ku unggeuk ogé geus bisa disebut yén jalma anu diajak ngobrol téh panuju kana naon anu ditepikeun.

Unggeukan anu saperti kitu téh disebutna kinesik. Dina komunikasi nonverbal aya nu disebut kinesik atawa gerak tubuh. Kinesik nyaéta salasihiji wangun komunikasi nonverbal anu mangrupa stimulator dina nepikeun pesen-pesen anu ngagunakeun gerakan-gerakan awak anu ngawengku paroman, gerak panon (rérétan), gerak leungeun jeung sakabéh anggota badan.

Saperti nu geus dipedar di luhur, yén basa téh mangrupa pakakas pikeun manusa dina ngedalkeun eusi haténa sarta pikiranana. Ieu patali jeung fungsi basa mun ditilik tina pamakéanana, yén basa bisa dipaké dina wangun fiksi (karya sastra) jeung nonfiksi. Saperti nu diébréhkeun ku Nurgiyantoro (2010:272) yén basa dina sastra miboga fungsi utama nyaéta fungsi komunikatif. Dina wangun fiksi, basa téh mangrupa wujud ékspresi pangarang. Patali jeung hal éta, Ratna (2010:314) ngébréhkeun pamadeganana ngeunaan karya sastra, yén karya sastra téh mangrupa seni basa, sabab dina ngawangun hiji karya sastra téh ngagunakeun basa minangka mediana. Ku kituna, basa jeung sastra téh raket pisan patalina sarta teu bisa dipisahkeun. Ieu hal patali jeung data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, yén drama anu mangrupa salasihiji karya sastra, jadi data primer dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Hasanudin (2009:4) drama téh mangrupa karya anu miboga dua dimensi karakteristik, nyaéta dimensi sastra jeung dimensi seni pertunjukan. Ku kituna, salian ti dimensi sastrana, dina ieu panalungtikan anu baris dianalisis téh nyaéta tina dimensi seni peranna atawa seni pertunjukkanana ogé.

Nurutkeun *Webster's New Collegiate Dictionary* dina Tarigan (2011:70) nyebutkeun sababaraha wangenan drama, di antarana:

“ (1) Suatu karangan dalam prosa atau puisi yang memotret kehidupan atau tokoh dengan bantuan dialog atau gerak serta direncanakan bagi pertunjukan teater; suatu lakon. Drama closet adalah suatu lakon yang dibuat terutama sebagai bahan bacaan, bukan sebagai produksi panggung; (2) seni, sastra, atau kejadian-kejadian yang bersifat dramatik; (3) serangkaian kejadian nyata yang mengandung kesatuan dan interes dramatik.”

Wangenan di luhur téh geus ngawengku drama minangka dimensi sastra, jeung drama minangka seni peran/seni pertunjukan. Saperti nu disebutkeun dina wangenan nu kahiji yén drama téh mangrupa hiji karangan dina prosa atawa puisi anu jadi potret kahirupan atawa tokoh ngaliwatan paguneman atawa gerak sarta direncanakeun pikeun pintonan téater; hiji lakon.

Minangka genre sastra, drama ditulis ngagunakeun basa saperti puisi atawa prosa, anu bakal jadi hiji naskah dina wangun paguneman. Minangka genre seni pertunjukan atawa seni peran mah nyaéta leuwih kana gerak. Gerak di dieu téh mangrupa titiron paripolah manusa nu dipintonkeun. Ieu gerak bakal dianalisis ngagunakeun hiji paélmu ngeunaan gerak awak téa, atawa sacara ilmiahna mah sok disebut kinesik. Kinesik mangrupa kontéks di luar basa atawa sok disebut ekstralinguistik. Faktor di luar basa saperti kieu nu jadi faktor panangtu dina nangtukeun wujud paguneman (Nurgiyantoro, 2010:313).

Luyu jeung pedaran di luhur, ieu judul panalungtikan téh nyaéta “Tindak Komunikasi Verbal jeung Nonverbal dina Drama Sunda (Analisis Omongan jeung Kinesik dina Drama Sunda Juragan Hajat Karya Kang Ibing)”. Ku kituna, posisi paélmu ieu panalungtikan téh nyaéta basa, lantaran medar ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal anu mangrupa ambahan dina pragmatik. Pragmatik nyaéta hiji élmu basa anu maluruh patalina basa jeung pamakéanana atawa kontéksna (Searle, spk., 1980: viii dina Sudayat, 2010:9), sedengkeun anu jadi data dina ieu panalungtikan téh nyaéta drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing, boh ditilik tina genre sastrana, boh tina genre seni peranna. Ieu drama jadi bahan analisis dina ieu panalungtikan, nyaéta tindak komunikasi verbal jeung nonverbal.

Saméméhna, panalungtikan ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal, hususna dina widang sastra geus aya nu nalungtik, nyaéta mangrupa tesis anu judulna “Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon ‘Buah Hati’ Karya Aaam Amilia” ku Retty Isnendes dina taun 2008. Najan henteu sacara husus medar medar ngeunaan tindak komunikasi, tapi salasihiji tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun basa anu digunakeun ku tokoh awéwé (Astri jeung Mamay). Basa anu dipidangkeun mangrupa tindak tutur (tindak komunikasi verbal), monolog, kinesik (tindak komunikasi nonverbal) jeung diksi. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, hususna kinesik, mangrupa tiori Paul Ekman jeung Wallace Friesen anu ngawengku emblem, ilustrator, adaptor, affect display jeung regulator. Sarta anu jadi data primer mangrupa salasihiji novel Sunda anu judulna *Puputon*.

Ari di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, sacara husus can aya mahasiswa nu nalungtik ngeunaan tindak komunikasi. Anu katilik ku panulis, ambahan nu ditalungtik tina paélmuhan pragmatik nyaéta ngeunaan tindak tuturna wungkul. Saméméhna, aya dua panalungtikan ngeunaan tindak tutur, nyaéta “Analisis Fungsi Tindak Tutur dina Naskah Drama *Meredong* karya Rosyid E. Abby” ku Mardian Chindra Ramadhan entragan 2009. Éta panalungtikan medar ngeunaan fungsi tindak tutur atawa polah ucap nu aya dina naskah drama *Meredong* anu ngawengku fungsi diréktif, asértif, éksprésif, komisif jeung déklaratif.

Judul panalungtikan nu kadua nyaéta “Tindak Tutur Basa Sunda (Tilikan Pragmatik kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib)” ku Febby Nurriyanti Irwansyah entragan 2009. Éta panalungtikan nganalisis tindak tutur atawa polah ucap dina ungkara-ungkara nu aya dina kaos bobotoh Persib, boh tina segi wandana, boh tina segi fungsina. Dina panalungtikan kahiji jeung kadua, anu jadi ambahanana nyaéta ngeunaan tindak tutur, ngan nu bédana téh dina datana wungkul. Ari anu kahiji mah datana nyokot tina naskah drama *Meredong*, sedengkeun nu kadua mah nyokot tina ungkara-ungkara nu aya dina kaos bobotoh Persib.

Nilik kana panalungtikan saméméhna, panalungtikan ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal dianggap penting, lantaran ieu panalungtikan

lain sakur medar tindak tutur wungkul, tapi medar ogé ngeunaan tindak komunikasi nonverbal, anu saméméhna can pernah aya nu medar di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan komunikasi di saluareun basa, saperti kinesik anu jadi watesan masalah dina ieu panalungtikan.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh medar ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal dina drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing. Komunikasi nonverbal téh loba jenisna, salian ti kinesik téh aya ogé nu disebut proksemik, artifaktual, olfaksi, jrrd. Jadi, sangkan teu lega teuing ambahanana, kajian dina komunikasi nonverbal diwatesanan dina kinesik atawa gerak awakna wungkul. Sarta kajian dina komunikasi verbal diwatesanan dina wanda sarta fungsi tindak tutur.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah sarta kasang tukang anu dipedar di luhur, kapanggih aya sababaraha masalah anu kudu dirumuskeun dina ieu panalungtikan, di antarana bisa dititénan dina wangun pananya di handap.

- a. Kumaha tindak komunikasi verbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*?
- b. Kumaha tindak komunikasi nonverbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*?
- c. Naha saluyu antara komunikasi verbal jeung komunikasi nonverbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar, tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh tindak komunikasi verbal jeung nonverbal dina drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing.

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan husus anu hayang dihontal pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. tindak komunikasi verbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*;
- b. tindak komunikasi nonverbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*; jeung
- c. saluyu henteuna antara komunikasi verbal jeung komunikasi nonverbal nu aya dina drama Sunda *Juragan Hajat*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban sarta ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan komunikasi, hususna komunikasi di saluareun basa, yén di saluareun komunikasi verbal téh aya ogé nu disebut komunikasi nonverbal anu jadi panglengkep dina prosés lumangsungna komunikasi. Salian ti komunikasi, dipiharep ogé bisa leuwih ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan pragmatik, nyaéta anu maluruh patalina unsur basa jeung pamakéanana.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat teoritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis nyaéta mangpaat anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, saperti pikeun panalungtik sorangan, siswa atawa mahasiswa, guru, sarta bisa jadi bahan bacaan pikeun khalayak umum nu mikaresep kana gerak awak jeung drama.

- a. Siswa/Mahasiswa
  - 1) bahan bacaan atawa referensi pikeun mahasiswa Jurusan Bahasa dina nyusun pancén ngeunaan Pragmatik hususna tindak tutur;
  - 2) bahan bacaan atawa referensi pikeun mahasiswa Jurusan Sastra dina nyusun pancén ngeunaan drama;
  - 3) bahan bacaan pikeun mahasiswa Jurusan Seni Teater;

- 4) bahan bacaan atawa referensi pikeun mahasiswa Jurusan Ilmu Komunikasi dina nyusun makalah atawa pancén ngeunaan komunikasi verbal jeung nonverbal;
- b. Guru
- 1) pikeun bahan ajar drama di sakola.
- c. Panalungtik/panulis
- 1) nambah pangaweruh ngeunaan komunikasi verbal anu nyoko kana wanda sarta fungsi tindak tutur, anu salila kuliah mah can pati kaulik;
  - 2) nambah pangaweruh ngeunaan komunikasi nonverbal, hususna kinesik atawa gerak tubuh;
  - 3) nambah pangaweruh ngeunaan drama boh tina segi sastra boh tina segi seni peranna;
  - 4) minangka calon guru, bisa dijadikeun bahan ajar ngeunaan drama.
- d. Umum
- 1) méré informasi ka jalma nu resep main peran/akting dina ngamekarkeun deui peranna;
  - 2) méré informasi ka jalma nu mikabutuh referensi ngeunaan gerak awak (kinesik).

## 1.5 Sistematika Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulis atawa sistematika tulisan dina ieu panalungtikan.

Bab I mangrupa tahap bubuka atawa tahap munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung sistematika penulisan.

Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan tiori tindak komunikasi jeung drama.

Bab III mangrupa bab anu medar ngeunaan métode panalungtikan. Ieu bab mangrupa dadasar pikeun nyusun bab IV, lantaran pikeun medar bab IV, kudu aya dadasarna heula atawa strategi pikeun ngaréngsékeun pasualan nu aya dina ieu panalungtikan, pikeun dipedar dina bab IV. Ku kituna, salian ti métode panalungtikan, dina bab III dipedar data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, ogé kumaha téhnik panalungtikan katut desain panalungtikanana, jeung cara ngumpulkeun sarta ngolah data hasil panalungtikan.

Bab IV mangrupa bab anu paling inti dina ieu panalungtikan, lantaran ieu bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab bakal dipedar sacara gembleng hasil tina ngolah atawa nganalisis data dina panalungtikan. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan bakal katitén dina ieu bab.

Bab V mangrupa bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Eusina medar ngeunaan kacindekan tina skabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun kahareupna, dina ieu bab ditambahan sub bab saran atawa rekomendasi anu ditepikeun ku panulis ka nu maca.